**4-г1а лекци**

## ЦIердешнийн терахьан суффиксийн нийсаязъяр Iамор

Терахьех лаьцна дешархошна кIезиг – дукха хууш ду юьхьанцарчу классашкахь дуьйна. Амма 4-чу классехь церан хааршна тIеккхета деза цIердешнийн дукхаллин терахь сунклетивни кепара кхоллалуш хилар а, я цхьаллин, я дукхаллин терахьехь бен ца лела цIердешнаш хилар а, дукхаллин терахь кхуллуш тайп-тайпана суффиксаш хилар а. Кхузахь а «аттачунна тIера чолхечунна тIевигар «бохуш йолу дидактически принцип коьрта хила еза. Ткъа хьехаран некъ дедуктивни хилча бакъахьа бу.

ЦIердешнийн дукхаллин терахьан йолу суффиксаш схьакъасто еза хьеха атта йолчу рогIаллехь: **-ш**; *божалш, амалш, хиш, забарш*; **-аш**: *лаамаш, хIордаш, херхаш*; **-наш**: *кIадинаш, буьрканаш, лаьмнаш*; **-маш**: *гIожмаш, шодмаш*; и дI.кх.

И тема карлаяккхархьама а, коьрта тидам цIердешнийн дукхаллин терахь кхуллучу суффиксашна тIебахийта беза, хIунда аьлча юьйцуш ерг а морфологи ю, керла форма кхоллаялар а морфологи ю.

И тема хьоьхуш хьехархочо кхин цхьа Iалашо а хIоттайо шена хьалха: дукхаллин терахьехь долчу цIердешнашца уьйре довлуш долчу дешнех цхьацца дерш (билгалдешнашший, хандешнашший) цаьрца барт беш хилар гайтар. И гIуллакх тидамехь латтадо дешархойн грамматически навыкаш кхуллу. Цундела дукхаллин терахье дохучу цIердешнашца хьехархочо ша (ларамаза долчуха) терахьашца хийцалуш долу билгалдешнаш а, хандешнаш а дало деза:

Хьасан дIаведира – ХьасангIар дIабевдира.         Хен Iуьллу – ханнаш Iохку.

Цо говр дIалаьллира – Цо говраш дIалаьхкира.

ЭлбекагIеран кетIахь стомма дитт ду – ЭлбекагIеран кетIахь стаммий дитташ ду. Ризван жима ву – РизвангIар кегий бу.

Дешархошна юханехьа задани яла а мегар ду: еллачу кепаца дукхаллин терахьера и лакхара тайпа дешнийн цхьаьнакхетарш цхьаллин терахье дахийтар.

ХIара тема Iамош кхочушъян еза масех упражнени:

**Iамораш:**

1) суффикс а гойтуш, дукхаллин терахь кхолла Iамош: - рчий: седа-седарчий, жа-жерчий; нийсаяздарна тIе тидам хьажор.
2) дукхаллин терахьехь цIердешнаш а далийна, уьш цхьаллин терахье дахийтар, суффиксаш билгалъяхийтар: ненахой – ненахо, стерчий – сту;
3) кеп а елла, дукхаллин терахьан цIердешнийн хIоттам таллийтар: акха-ро-й, Iилман-ча-ш.

**ТIечIагIдийраш:**

1) кеп а елла, цIердешнаш дукхаллин терахье дахар: лам-лаьмнаш;
2) терахьашца хийцалуш долчу хандешнащций, билгалдешнащций цIердешнаш даладайтар: стаммий (дитт), кегий (Iайг), IалиетгIар (еана), аннаш (Iуьллу); орамерачу аьзнийн нийсаяздар тидаме латтор;
3) лахахь далийна цхьаллин терахьан цIердешнаш дукхаллин терахье а дохуьйтуш тIадамийн метта предложени юкъа даладайтар.

**Талламбийраш:**

1) дукхаллин терахьехь оьшуш йолу суффиксаш орамна (я лардана) тӀеюзийтар (тӀеязъяйтар): хан-хен…(аш), там-тем…(аш);

2) текста юкъахь дукхаллин терахьан цӀердешнаш билгалдахийтар;

3) далийначу дукхаллин терахьан цӀердешнашца предложенеш хӀиттаяйтар;

4) далийначу цӀердешнашна юккъера дукхаллин терахьан цӀердешнаш билгалдахийтар.

Дукхаллин терахье даьхча, шайн лард хуьйцуш долу цӀердешнашший, я цхьаллин, я дукхаллин терахьеххьий бен ца лела цӀердешнашший юкъарадаккхар хир ду, я, кхечу кепара аьлча, справочни материал. Цундела иза дагахь Ӏамаяйта еза, хӀунда аьлча бакъонна кӀел уьш ца кхочу дела.

## ЦӀердешнийн дожарийн чаккхенаш нийсаязъяр Ӏамор

ЦӀердешнийн кхолладаларх лаьцна мотт толлучу Ӏилманехь кӀорггера язбина болх бу К.З. Чокаевн. Амма цу балха тӀехь мел балийна некъ школехь хьеха аьлла билгалбаьккхина бац. Делахь а хьехархошна ешча пайден хир ю и статья. Кхин а шуьйра ялийна ю и материал цуьнан вукху статья тӀехь.

Хууш ма-хиллара, цӀердешнийн легарш формальни билгалонна тӀедоьгӀна далош ду школехь, аьлча а, коьчалниг дожарехь церан хуьлучу чаккхенашка хьаьжжина. Школехь бинчу талламаша ма-гайттара, и тема дешархошна кхето халонаш йолуш яц. Оцу темина йозанан а, бартан а белхашна тӀехь гӀалаташ кӀезиг дуьйлуьйтуш хуьлу. Цул совнаха, учебникашна хӀиттийнчу куьйгаллашна тӀехь а, Э.Х. Солтахановн вай билгалъяьккхинчу статья тӀехь а алссам материал а ю, тоам боллуш елла методика а ю.

ЦӀердешнийн дожарийн чаккхенаш нийсаязъяр Ӏаморехь коьрта халонаш хӀорш ю:

1) уггар хьалха даима дешархой галбуьйлуш йолу чаккхе ю доланиг дожаран чаккхе цхьаллин а, дукхаллин а терахьехь; 2) цхьана дешдекъах лаьттачу цӀердешнийн орамера мукъа аьзнаш легадечу хена бес-бесара хийцадалар; 3) цхьацца долчу цӀердешнийн дожаршца хийцалучу хена суплетивни форманаш хилар (масала: йол, йиш, йис); 4) оьрсийн маттера я оцу маттехула схьаэцначу цӀердешнийн дожарийн чаккхенаш нийсаязъяр.

Стенна тӀера дӀадоло деза цӀердешнийн дожарийн чаккхенаш нийсаязъяр Ӏамор? Дера деза дожаршший, церан хаттаршший карладахарна тӀера кхеторан некъаца. Тхуна хетарехь иза иштта хила деза:

| | |
|---|---|
| <u>ЦӀерниг</u> дожар | <u>Мила</u> ву цӀе йоккхург?<br><u>Муьлш</u> бу уьш?<br><u>ХӀун</u> ю иза?<br>- Да, нана, вежарий, школа, класс. |
| <u>Доланиг</u> дожар | <u>Хьенан</u> дола до?<br><u>Стенан</u> дола до?<br>- Ден, ненан, вежарийн, школан, классан. |
| <u>Лург</u> дожар | <u>Хьанна</u> ло ахь иза?<br><u>Стенна</u> реза ву хьо? |

- Дена, нанна, вежаршна, школана, классана.

Дийриг дожар — Хьан до и гІуллакх?
Стен хазахоьтуьйту?
- Дас, нанас, вежарша, школо, классо.

Коьчалниг дожар — Хьаьнца воьду хьо?
Стенца гІуллакх ду хьан?
- Деца, ненаца, вежаршца, школаца, классаца.

Хотталург дожар — Хьанах дозуш ду и гІуллакх?
Стенах цецваьлла хьо?
- Дех, ненах, вежарех, школах, классах.

Меттигниг дожар — Хьаьнга до дехар?
Стенга хьоьжу хьо?
- Дега, нене, вежаршка, школе, классе.

Дустург дожар — Хьанал лекха ву иза?
Стенал лекха ю иза?
- Дел, ненал, вежарел, школал, классал.

Оцу кепара дожарш а, церан хаттарш а довзийтинчул тІаьхьа мегар ду дожаршший, церан яцйина форманашший шаьш къаьсттина гайта (таблицин формехь):

| Дожарш | Хаттарш |
|---|---|
| ЦІерниг - ЦІ. | Мила? Муьлш? ХІун? |
| Доланиг - Дл. | Хьенан? Стенан? |
| Лург - Л. | Хьанна? Стенна? |
| Дийриг - Др. | Хьан? Стен? |
| Коьчалниг – К. | Хьаьнца? Стенца? |
| Хотталург - Х. | Хьанах? Стенах? |
| Меттигниг – М. | Хьаьнга? Стенга? |
| Дустург - Дс. | Хьанал? Стенал? |